

# Eta New York Pwogram Asistans Dijans pou Lwaye

Pwogram Asistans Dijans pou Lwaye a ap ede fanmi ki an reta nan lwaye yo ki gen difikilte finansye poutèt COVID-19 e ki riske vin san kay oswa pa gen lojman estab. Anplis de sa, pwogram nan kapab ofri asistans tanporè pou lwaye ak asistans pou bòdwo sèvis piblik ki pa peye.

## ÈSKE MWEN KALIFYE?

Rezidan ki kalifye yo dwe respekte kondisyon ki annapre yo:

- Revni anvan taks fanmi an pou piplis a 80 pousan revni medyan rejyonal la, ki varye dapre konte a ak gwosè fanmi an.
- Yon manm nan fanmi an te resevwa endanmnite chomaj oswa te gen yon rediksyon nan revni li, te oblije fè gwo depans oswa te gen difikilte finansye, dirèkteman oswa endirèkteman, poutèt pandemi COVID-19 la.
- Kandida a dwe lwaye an reta nan kote li rete kounye a.

## KIJAN LI MACHE?

Asistans sa a kapab peye jiska 12 mwa lwaye an reta epi pou sèten fanmi, peye jiska 3 mwa pou lwaye pi devan. Pwogram nan kapab peye tou jiska 12 mwa bòdwo kouran elektrik oswa gaz ki an reta. Tanpri pa bliye, peman yo ap toujou fèt dirèkteman bay mèt kay la oswa founisè sèvis piblik la.

**Ou kapab soumèt demann  
sou entènèt kòmanse nan dat**

**1ye jen**

Pou plis enfòmasyon, ale sou [otda.ny.gov/ERAP](https://otda.ny.gov/ERAP) oswa rele **844-NY1RENT (844-691-7368)**



Office of Temporary  
and Disability Assistance